Ohio Chapter
INCORPORATED IN OHIO
American Academy of Pediatrics
DEDICATED TO THE HEALTH OF ALL CHILDREN®

Ohio Department of Health

KI SA KI VINI APRE ADOLESANS NAN SA KI GEN A WÈ AK SWEN MEDIKAL?

Pou grandi avèk pedyat ou sa souvan mande patisipasyon tout fanmi an. Depi timoun nan tou piti, bezwen pou swen sante yo chanje tanzantan. Pandan pasyan yo ap grandi nan ane adolesans yo, gen yon lòt gwo chanjman k ap pwoche: **tranzisyon pou antre nan swen medikal pou granmoun.**

KI JAN TRANZISYON POU ANTRE NAN SWEN POU GRANMOUN NAN YE?

LAJ 12-14:
Kòmanse diskisyon an sou tranzisyon pou antre nan swen pou granmoun avèk pitit ou a ak pedyat la

LAJ 14-18:
Kontinye swiv pwogrè pitit ou a avèk pedyat li a

LAJ 14-18:
Diskite avèk pedyat pitit ou sou kijan pou devlope yon plan tranzisyon pou swen sante pandan w ap mete yon atansyon espesyal sou rezime medikal la

LAJ 18-21:
Fè pitit ou a kòmanse tranzisyon an nan swen santre pou granmoun

LAJ 18-26:
Rete an kontak ak biwo pedyat pitit ou a si ou gen kesyon sou tranzisyon pou swen an

KESYON POU DISKITE AVÈK PEDYAT PITIT OU A

Pandan pitit ou a ap kòmanse pwosesis tranzisyon an pou li antre nan swen sante pou granmoun pa bliye poze pedyat la kesyon sa yo:

LÒT BAGAY POU PRAN AN KONSIDERASYON

- Jèn adilt yo ka anjeneral rete sou plan asirans sante yon paran oswa yon responsab legal jiska**26 an,** ki ka ede sipòte yo pandan y ap fè tranzisyon pou jere pwòp swen sante yo.
- Se chak eta ki jere Medicaid ak plan swen sante Medicaid ap jere yo. Si adolesan ou a ale nan yon lòt eta pou lekòl, travay, oswa lòt rezon, li ka bezwen aplike pou pwoteksyon Medicaid nan nouvo eta sa a.
- Yon fwa yon adolesan gen 18 an, paran yo ka pèdi aksè otomatik ak enfòmasyon medikal li akòz lwa sou vi prive. Si jèn adilt ou a vle ou kontinye ede l ak swen sante li, diskite sou kijan pou ba li aksè avèk biwo founisè w la pou ou ka wè dosye medikal, randevou ak preskripsyon yo.
- Yon fwa yon adolesan gen 18 an, se li ki legalman responsab pou pran desizyon sou swen sante li. Yon **Pouvwa Avoka Dirab pou Swen Sante** pèmèt yo nonmen yon granmoun yo fè konfyans pou pran desizyon medikal pou yo si yo pa kapab fè sa.

www.ohioaap.org • 614-846-6258

@OHPediatricians • AAPOhio • OhioAAP • @OhioAAP • ohioaap